

**PANGARUH MÉDIA KANTONG BILANGAN DIBANTU KU APLIKASI
WORDWALL KANA PAMAHAMAN KONSÉP MATEMATIKA SAKOLA
DASAR**

Ku

Fidi Listiyana Putri

205060154

ABSTRAK

Panalungtikan ieu tujuanana pikeun nyaho pangaruh média kantong bilangan kalayan dibantu ku aplikasi *wordwall* kana kamampuh pamahaman konsép matematika murid sakola dasar. Panalungtikan dilaksanakeun ka murid kelas II SDN 210 Babakan Sinyar Kota Bandung hususna dina materi pangurangan bersusun kalayan téknik nginjeum. Panalungtikan ieu maké métode Quasi Experimental Design kalawan rarancang panalungtikan nonequivalent group, dimana aya kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Kelas ékspérimén maké média kantong bilangan kalayan dibantu ku aplikasi *Wordwall*, sedengkeun kelas kontrol maké métode pangajaran konvensional. Téknik kempelan data anu dipaké nyaéta tés anu mangrupa pretest jeung posttest ogé non-tés nyaéta observasi. Pretest jeung posttest dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh pamahaman konsép murid dina materi pangurangan bersusun kalayan téknik nginjeum. Sedengkeun observasi dipaké pikeun ngadatangkeun sareng nalungtik paripolah, kagiatan, ogé kabeungkeutan guru jeung murid salila prosés diajar ogé pikeun ngukur sabaraha alusna murid tiasa ngartikeun konsép pangurangan bersusun kalayan téknik nginjeum. Téknik ngolah data anu dipaké nyaéta uji normalitas, uji homogenitas, uji hipotesis (Independent Sample T Test), uji N-Gain, jeung uji effect size. Hasil panalungtikan nembongkeun yén rata-rata pretest kelas ékspérimén nyaéta 51,12 jeung kelas kontrol nyaéta 47,84. Sedengkeun rata-rata posttest kelas ékspérimén nyaéta 78,32 sarta kelas kontrol nyaéta 65,24. Ujian hipotesis nganggo Independent Sample T Test nembongkeun hasil kalayan nilai sig (2-tailed) sabesar $0,001 < 0,05$, anu hartina H_0 ditolak jeung H_1 ditampi. Bisa disimpulkeun yén aya pangaruh kana pamahaman konsép murid dina palajaran matematika sanggeus ngagunakeun média kantong bilangan kalayan dibantu ku aplikasi *wordwall*.

Kecap konci: Kantong Bilangan, *Wordwall*, Pamahaman Konsép